**दिन– सोमवार** **दिनांक–13.01.2025**

प्रसार भारती

(भारत का लोक सेवा प्रसारक)

प्रादेशिक समाचार एकांश

आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः–शाम 06:25 बजे सँ अवधिः–05 मिनट

---

विश्वक सभ सँ पैघ आध्यात्मिक आ सांस्कृतिक समागम महाकुंभ आइ पूष पूर्णिमाक अवसर पर अमृत स्नानक संग प्रयागराज मे शुरू भऽ गेल। लाखों श्रद्धालु पवित्र गंगा, यमुना आ सरस्वती नदीक संगम त्रिवेणीक विभिन्न घाट पर डुबकी लगा रहल छथि। ई आयोजन छब्बीस फरवरी के महाशिवरात्रि धरि चलत। एक सय चौवालीस वर्ष मे मात्र एक बेर होबयवला एक दुर्लभ खगोलीय संयोग एहि वर्ष महाकुंभक विशेषता के आओर बढ़ा रहल अछि। अनुष्ठान स्नानक बाद लाखों श्रद्धालु संगम पर एक मास लेल कल्पवासक प्राचीन परंपरा मे सेहो सम्मिलित भऽ रहल छथि। एहि आयोजन लेल सात स्तरीय सुरक्षा–व्यवस्था कयल गेल अछि। ओतहि, श्रद्धालु सभक सुविधा लेल विशेष व्यवस्था कयल गेल अछि।

---

प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी प्रयागराज मे महाकुंभ दू हजार पच्चीसक शुभारंभ पर देशवासी लोकनि के शुभकामना देलनि अछि। सोशल मीडिया पर प्रधानमंत्री एकरा भारतीय मूल्य आ संस्कृति के संजोगऽवला करोड़ो लोक लेल एक विशेष दिन जनौलनि। ओ कहलनि जे महाकुंभ देशक शाश्वत आध्यात्मिक विरासतक प्रतीक अछि आ आस्था तथा सद्भावक उत्सव अछि।

---

मुख्यमंत्री अपन प्रगति यात्राक क्रम मे आइ समस्तीपुर जिला मे नओ सय करोड़ टाका सँ बेसीक विभिन्न विकास योजनाक शिलान्यास आ उद्घाटन कयलनि। मुख्यमंत्री जिलाक शेखोपुर गाम मे जल जीवन हरियाली योजनाक अंतर्गत सौंदर्यीकरण कयल गेल पोखर आ विभिन्न स्टॉलक निरीक्षण कयलनि। मुख्यमंत्री समस्तीपुर शहर के भोला टॉकीज लऽग आ मुक्तापुर मे आरओबीक आधारशीला रखलनि। संगहि, जिलाक उजियारपुर प्रखंडक रायपूर मे इमरजेंसी रिस्पॉन्स फैसिलिटी सह प्रशिक्षण केन्द्रक लोकार्पण सेहो कयलनि। ओतहि, जाम सँ

छुटकारा लेल विभिन्न पथ के चौड़ीकरण करबाक कार्यक्रमक घोषणा कयलनि। कार्यक्रम मे मुख्यमंत्री स्थानीय लोक आ जीविका दीदीक संग संवाद सेहो कयलनि। मुख्यमंत्रीक कार्यक्रम मे उपमुख्यमंत्री सम्राट चौधरी, केन्द्रीय गृहराज्य मंत्री नित्यानंद राय, आ प्रदेशक जल संसाधन मंत्री विजय कुमार चौधरी, सांसद रामनाथ ठाकुर समेत कतेको गणमान्य लोक उपस्थित छलाह।

———————————————————————

अखिल भारतीय पीठासीन पदाधिकारीक सम्मेलन पटना मे बीस आ एकैस जनवरी के आयोजित होयत। विधानसभा अध्यक्ष नंदकिशोर यादव आइ पटना मे संवाददाता सम्मेलन मे जनौलनि जे एहि सम्मेलन मे सभ राज्यक विधानसभा अध्यक्ष, उपाध्यक्ष, विधान परिषदक सभापति आ उपसभापति सम्मिलित हेताह। लोकसभा आ बिहार सरकारक संयुक्त तत्वावधान मे आयोजत एहि सम्मेलनक विषय थिक–संविधान की पचहत्तरवीं वर्षगांठ– संवैधानिक मूल्यों को सशक्त बनाये रखने मे संसद आ राज्य विधान मंडलो का योगदान। विधानसभा अध्यक्ष जनौलनि जे एहि सम्मेलन मे एखन धरि दू सय चौसठि अतिथि के अयबाक सूचना प्राप्त भेल अछि।

———————————————————————

राज्य सरकार सड़क दुर्घटना मे घायल लोक के तत्काल चिकित्सा सुविधा उपलब्ध करेबाक लेल निजी एम्बुलेंस सेवा सँ जोड़बाक निर्णय कयलक अछि। स्वास्थ्य मंत्री मंगल पांडेय जनौलनि जे पहिल चरण मे मुख्यमंत्री ग्राम परिवहन योजनाक अंतर्गत देल गेल एम्बुलेंस के आपातकालीन सेवा डायल एक शून्य दू सँ जोड़ल जायत। एकर बाद सभ निजी एम्बुलेंस के एहि सेवा सँ जोड़ि देल जायत।

———————————————————————

प्रसिद्ध पावनि तीलासंक्रांति काल्हि मनाओल जायत। मिथिलांचल समेत संपूर्ण प्रदेश मे तीला संक्रांति के लऽकऽ उत्साहपूर्ण माहौल बनल अछि। नव चुड़ा, लाई, तीलबा आ तिलकुट तथा आनो सामग्री कीनबाक लेल हाट बाजार मे लोकक भीड़ उमड़ि गेल अछि।

———————————————————————

पछवा हवाक प्रभाव कम हेबा सँ प्रदेशक अधिकतम आ न्यूनतम तापमान मे वृद्धि भेल अछि। मौसम विभाग सँ प्राप्त जनतबक अनुसार न्यूनतम तापमान मे दू–चारि डिग्री वृद्धि भेल। पछिला चौबीस घंटा मे नओ दशमलव आठ डिग्री सेल्सियस न्यूनतम तापमानक संग वाल्मीकीनगर प्रदेशक सभ सँ ठंढ़ा सथान रहल। मौसम पूर्वानुमान मे कहल गेल अछि जे अगिला पांच दिन धरि मौसम मे कोनो विशेष परिवर्तन हेबाक संभावना नहि अछि। ओतहि, सवेर मे अधिकांश ठाम आंशिक अथवा मध्यम स्तरक कुहेस लागल रहत।

———————————————————————

दरभंगा जिला मे सभ निजी आ सरकारी विद्यालय मे पहिने जकां पठन–पाठन काज शुरू भेल। मौसम मे बदलाव के देखैत जिला पदाधिकारी राजीव रौशन ई निर्देश देलनि।

———————————————————————

एनटीपीसी बरौनीक स्टेज टू के कांउसिल ऑफ एनवायर्नमेंटल एक्सीलेंस, मुम्बई द्वारा सतत संचालन लेल अढ़ाई सय सँ पांच सय मेगावाट कोयला श्रेणी मे सर्वश्रेष्ठ राष्ट्रीय जल कुशल इकाई पुरस्कार भेटल।

———————————————————————

पूर्वी चंपारण जिलाक रघुनाथपुर थाना हाजत मे एक कैदी द्वारा आत्महत्या करबाक मामिला मे पुलिस अधीक्षक स्वर्ण प्रभात तीन पुलिसकर्मी के निलंबित कऽ देलनि।

———————————————————————

सहरसा मे प्रमोद यादव स्मृति अंडर फोर्टिन क्रिकेट टुर्नामेंटक उद्‌घाटन जिला खेल पदाधिकारी शैलेन्द्र चौधरी कयलनि।

———————————————————————

समाप्त